| For Office Use Only |
|---|
| **Claim #** ___________ |

# APLIKASYON POU KONPANSASYON VIKTIM KRIM

**ETA RHODE ISLAND**
**BIWO TREZORYE JENERAL JAMES A. DIOSSA**

*(Tanpri ekri byen klè epi ranpli tou de paj yo)*

**Enfòmasyon sou Viktim nan (pou moun ki te blese. FÒK ou reponn TOUT kesyon pou trete aplikasyon an)**

| | | |
|---|---|---|
| Non    Inisyal de Dezyèm Non    Siyati Fanmi | | |
| Dat nesans / / | Nimewo sekirite sosyal (SSN) – – | Telefòn ( ) |
| Adrès postal | | Telefòn selilè ( ) |
| Vil | Eta | Kòd postal |
| Adrès imel | | |

**Enfòmasyon sou Reklaman an (pou yon viktim ki minè oswa yon sivivan viktim ki mouri, FÒK ou reponn TOUT kesyon pou trete aplikasyon an)**

| | | |
|---|---|---|
| Non    Inisyal de Dezyèm Non    Siyati Fanmi | | |
| Dat nesans / / | Nimewo sekirite ossyal (SSN) - - | Telfòn lakay ( ) |
| Adrès postal | | Telefòn selilè ( ) |
| Vil | Eta | Kòd postal |
| Adrès imel | | Relasyon ak victim nan |

**Enffòmasyon krim nan**

**Tanpri dekri krim nan ak blesi ou yo:**

| | | |
|---|---|---|
| Depatman polis kote krim nan te rapòte | | Nimewo rapò polis la |
| Dat krim nan / / | Dat krim nan te rapòte / / | Dat yo te dekouvri krim nan / / |
| Kote krim nan te fèt | | |
| Moun nan(yo) ki te komèt krim nan | | |
| Èske ou gen yon avoka prive k ap reprezante ou nan yon pwosè sivil oswa reklamasyon asirans? [] Wi [] Non [] Pa pou kounnye a | | |
| Non avoka a | | Phone |
| Adrès | Vil | Eta & Kod postal |

**Depans (make depans w ap mande ranbousman pou yo) TANPRI SOUMÈT KOPI FAKTI YO**

- □ Pèt salè pou viktim nan (si li te anplwaye lè krim nan te fèt)
- □ Konsèy pou viktim nan
- □ Frè medikal pou viktim nan
- □ Frè dantè pou viktim nan
- □ Pèt salè pou paran/gadyen viktim ki minè
- □ Depans deplasman

**REVANDIKASYON OMISID**

- □ Antèman/anitèman
- □ Netwayaj sèn krim nan
- □ Pèt sipò pou depandan viktim ki mouri
- □ Konsèy pou fanmi viktim ki asasinen
- □ Depans deplasman

Enfòmasyon sou asirans □ Sante □ Medicaid/Medicare □ Travay □ Okenn □ Lòt________________

**G Enfòmasyon Jeneral (enfòmasyon sa yo pa obligatwa; se pou estatistik sèlman)**

| | | | |
|---|---|---|---|
| **Sèks:** □ Gason □ Fanm □ Lòt **Andikape:** □ Wi □ Non **Laj:** □ 17-Anba □ 18-63 □ 64-Plis | | | |
| **Ras:** | □ Blan<br>□ Ispanik | □ Nwa<br>□ Aziyatik/Pasifik | □ Endyen Ameriken<br>□ Lòt |
| **Kiyès ki refere ou** | □ Polis<br>□ Lopital | □ Biwo Pwokirè Jeneral<br>□ Biwo Sèvis Viktim | □ Kay Antèman<br>□ Lòt (presize)____________________ |

*For Office Use Only*

**Claim # __________**

**Akò Ranbousman, Konsantman ak Avètisman (Seksyon sa a DWE siyen epi date pou aplikasyon an ka trete)**

**AKÒ RANBOUSMAN**

Mwen konprann ke Fon Konpansasyon pou Viktim se yon DÈNYE RESOUS. Mwen konprann ke lalwa Rhode Island egzije m kontakte epi ranbouse Pwogram Konpansasyon pou Viktim si mwen resevwa peman nan men agresè a, nan yon pwosè sivil, yon pwogram asirans, Gouvènman oswa nenpòt lòt sous APRÈ mwen resevwa peman nan men Pwogram Konpansasyon pou Viktim. Mwen dakò pou notifye Pwogram Konpansasyon pou Viktim si mwen angaje yon avoka pou reprezante m nan nenpòt aksyon ki gen rapò ak krim sa a.

**KONSANTMAN POU LIBERASYON ENFÒMASYON KONFIDANSYÈL**

Mwen otorize nenpòt lopital, etablisman medikal, doktè, founisè swen sante, anplwayè, konpayi asirans, moun oswa ajans pou bay enfòmasyon ki nesesè bay Pwogram Konpansasyon pou Viktim yo. Mwen konprann ke enfòmasyon yo ap sèlman itilize pou detèmine benefis konpansasyon. Mwen konprann ke nenpòt dosye yo pwoteje anba regilasyon federal sou konfidansyalite epi dapre lalwa jeneral eta Rhode Island epi yo pa ka divilge san konsantman ekri mwen, sòf si lalwa prevwa sa. Nenpòt enfòmasyon yo lage oswa resevwa kòm rezilta konsantman sa a pa dwe transmèt ankò nan okenn fason bay okenn lòt moun, òganizasyon, antite oswa lòt, san yon lòt konsantman ekri pa mwen. Mwen ka retire konsantman sa a lè m bay avi ekri bay pati ki anwo a nenpòt lè anvan divilgasyon oswa liberasyon enfòmasyon an. Mwen otorize ke yon kopi Photostat otantifikasyon sa a aksepte ak menm otorite ak orijinal la.

Mwen sètifye ke enfòmasyon ak dokiman sipò ki genyen nan aplikasyon sa a se vreman egzat selon pi bon konesans mwen.

**AVÈTISMAN BCI**

Daprè Lalwa Jeneral Rhode Island 12-25-19(d), Lwa sou Blesi Kriminèl nan 1999, biwo sa a ka refize yon desizyon pou ranbousman si viktim nan te komèt zak kriminèl vyolan nan senk dènye ane yo oswa apre blesi li.

Mwen,________________________________, dat nesans mwen ____/___/ _________ pa prezan mwen bay otorizasyon bay Biwo Idantifikasyon Kriminèl Depatman Lajistis Rhode Island pou mete disponib bay Pwogram Konpansasyon pou Viktim Krim nenpòt dosye kriminèl Biwo Idantifikasyon Kriminèl la genyen sou mwen kòm referans.

Mwen bay renonsyasyon epi libere tout kalite reklamasyon, aksyon legal, ak demann nan nenpòt fòm, ak tout sa ki gen rapò, ki sòti nan nenpòt liberasyon dosye kriminèl oswa demann pou yo, kèlkeswa kont Leta Rhode Island, Biwo Idantifikasyon Kriminèl, Avoka Jeneral la, ak anplwaye Biwo Avoka Jeneral la ak Biwo Trezorye Jeneral la, nan tou de lwa ak ekite, ke mwen ka genyen kounye a oswa nan lavni.

***DWE SOUMÈT YON KOPI ID VALAB AK FOTO***

*Biwo Trezorye Jeneral la pa fè diskriminasyon sou baz ras, koulè, relijyon, sèks, oryantasyon seksyèl, idantite oswa ekspresyon jan, laj, orijin nasyonal, oswa andikap.*

______________________________________________________________________

**Siyati** **Dat**

## Retounen aplikasyon konplè a bay:

CRIME VICTIM COMPENSATION PROGRAM
Office of the General Treasurer
50 Service Avenue, 2nd Floor
Warwick, RI 02886
Telefòn 401-462-7655 Faks 401-462-7694
www.treasury.ri.gov